



Fè Yo Tande Vwa ou

Patisipasyon piblik la esansyèl pou n devlope pèmi ki pi efikas. Lè y ap prepare yon pèmi, enjenyè ak syantifik DNREC yo entegre ekzijans ki soti nan regleman federal ak eta ki aplikab ansanm ak konplete travay teknik, men nou depann de piblik la pou idantifye enkyetid kominote ak ofri solisyon pou atenn meyè rezilta.

Kle pou yon Kòmantè Efikas

Idantifye Pèmi an Klèman

Ofri enfòmasyon konplè nan liy objè a nan kòmantè ou a (pa ekzanp, non kandida, nimewo premye vèsyon pèmi an, nimewo dosye odyans). Nou pa ka konsidere kòmantè yo si yo mal adrese oubyen pèdi paske enfòmasyon idantifikasyon pa t enkli.

Rete Espesifik

Eksplike pwendvi ou an nan fason ki pi klè posib, evite itilizasyon mo sal oubyen

Atak pèsònèl Menmsi li itil pou w deklare ou pa dakò pou yo akòde yon pèmi, li pi itil pou eksplike poukisa ou dakò oubyen pa dakò, sijere lòt opsyon epi chanje langaj pou chanjman ou mande yo, epi ofri ekzanp espesifik pou ilistre enkyetid ou genyen konsènan konsekans potansyèl yo.

Fè sa a lè

Asire ou soumèt kòmantè ou yo nan dat limit oubyen anvan fen peryòd kòmantè ki idantifye pa DNREC pou yon kesyon pèmi patikilye.

Ou prè pou fè yo tande vwa w?



DNREC ak divizyon ak konsèy administratif li yo angaje yo pou yo itilize notifikasyon piblik ak pwosesis kòmantè pou pran pi bon desizyon regilatwa. Si w gen lòt kesyon konsènan avi piblik oubyen kòmantè pou yon pwopozisyon espesifik, tanpri vizite paj Avi Piblik DNREC nan de.gov/dnrecnotices pou w lokalize enfòmasyon kontak apwopriye a.

Ère Komen



Pwosesis Kòmantè a se PA yon vòt

Yon kòmantè ki byen agimante souvan pi itil pase san (100) mesaj imel oubyen lèt estanda ki souleve menm kesyon an. DNREC pral reponn a kòmantè nan yon odyans atravè yon memorandòm repons teknik ki akonpaye yon desizyon pèmi ki soti nan men Sekretè DNREC a.



Kòmantè ki PA espèfik a Pwopozisyon an

Menmsi ka gen anpil kesyon enpòtan ki bezwen adrese nan yon kominote, li rete enpòtan pou kòmantè yo rete lye ak pèmi ki pwopoze a.



Kòmantè ki depase Otorite DNREC

Ou ka gen yon beè sijesyon pou amelyore anviwònman Delaware, men li ka bezwen apwobasyon nan men Lejislati oubyen Gouvènè Delaware la. Si w konprann otorite regilatwa DNREC, sa ka ede w sipòte demann ou yo. Anpil kesyon tonbe anba otorite gouvènman minisipal oubyen konte oubyen lòt òganis eta a.



Yo PA konsidere kesyon kòm kòmantè

Nou apresye kesyon. Si w gen yon kesyon, voye yon mesaj imel bay reprezantan ki idantifye nan seksyon kòmantè piblik nan paj wèb odyans lan. Lè w resevwa eksplikasyon sou yon kesyon, sa pral souvan ede w prezante yon kòmantè ki itil.